ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№58 (23.466) ● 2017 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 1, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Юрий Урысей Федерацэм и Президентым и деж щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ ІэнатІэм зегъэужьыныжьмкІэ щыІэ советым хагъэхьащ

КІуэкІуэ Юрий хагъэхьащ Урысей Федерацэм и Президентым и деж щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ ІэнатІэм зегъэужьыныжьмкІэ щыІэ советым. Абы теухуа зыхуэфащэ унафэм иджыблагъэ Путин Владимир Іэ щІидзащ. Советым и тхьэмадэщ къэралым и Іэтащхьэр.

ЩІЭУЭ къыдэгъэпэщыжа советым хэтщ къэралым и Премьер-министр **Медведев Дмитрий**, УФ-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщі **Вайно Антон**, УФ-м финансхэмкІэ и министр **Силуанов Антон**, УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр **Орешкин Максим**, УФ-м юстицэмкІэ и министр **Коновалов Александр**. УФ-м ухуэныгъэмрэ псэупІэкоммуналынэ хозяйствэмкІэ и министр **Мень Александр**, Къэрал Думэм и депутат щхьэхуэхэр.

УФ-м и Президентым и деж щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ ІэнатІэм зегъэужьыныжьмкІэ щыІэ советыр щІыпІэ унафэр зегъэжьыжьыным хуэгъэза къэрал политикомрэ законодательствэмкІэ щытепсэльыхь, лэжьэкІэ Іэмал нэхъыфІэхэр щызэхалъхьэж, Іуэху нэхъ гугъу дыдэхэр дэгъэкІныжьмкІэ чэнджэщхэр щаубзыху утыкуц.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

ХэкІыпІэфІхэр я гъуазэу

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм дыгъуасэ щекІуэкІа зэІущІэм хэтащ КБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий, УФ-м Шы спортымкІэ и федерацэм и унафэщІ Сечинэ Маринэ, «Росипподром» акционер жылагъуэ зэІухам (ООО) и тхьэмадэ Исаков Николай сымэ. Абыхэм зэгурыІуэныгъэ щхьэпэ зэрыІыпІащ.

ЗЭХЫХЬЭМ кърихьэлІащ республикэм и министерствэ, ведомствэ зэмылІэужьыгъуэхэм я тхьэмадэхэр, щІыналъэм иг шы заводжэм я унафэщІхэр, зи гугъу тщІы спорт лІэужьыгъуэм куэд щІауэ дихьэхэр, нэгъуэщІхэри.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм ижь-ижьыж лъандэрэ шыр фІыуэ зэрытлъагъуэм, адыгэшыр дуней псом цІэрыІуэ зэрыщыхьуэм дыщыгъуазэщ. Абы къыхэкІыуи, зи гугъу тщІы псэущхьэ телъыджэм пыщІа спорт лІэужьыгъуэхэм дя деж нэхъри зыщегъэужьыжьын хуейуэ къыдолъытэ. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, къытщІэхъуэ щІэблэр шы спортым дедгъэхьэхьн папщІэ, ди шы заводхэри зыхуей-зыхуэныкъуэхэмкІэ къызэгъэпэщыпхэщ, шы къэгъэжапІэхэри иджырей мардэхэм къитІасэу щыгъэтыпхъэщ. Ижьрейм и Іэхуэкіэ, фІыщІэ ин хуэсщІыну сыхуейт «Росиппродромхэр» ООО-м и унафэщІхэм. Абыхэм лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІащ ди къалащхьэр зыгъэбжьыфІэ шы къэгъэжапІэ нэхъыщхьэр иджырей мардэхэм къитІасэу зэгъэпэщыжьыным хуэунэтІауэ, - къыхигъэщащ КІуэкІуэ Юрий, къызэхуэсахэм защыхуигъаэзэм.

Зэ ІущІэм щызэращІылІа зэгурыІуэныгъэм и мыхьэнэр зыхуэдэм тепсэлъыхьа иужькІэ, Исаков Николай жиІащ:

- Ди акционер зэгухьэныгъэм хохьэ УФ-м и шыгъэжапІэу 28-рэ. Налшык дэт илподромри абыхэм ящыщщ. Мыбдежым къыщыхэзгъэщыну сфІэигъэщ, шы спортым зыщегъэужьыныжьмкІэ фи республикэр ди къэралым и щІыналъэ нэхъ къезэгъэхэм зэрыхалъытэри, - къыхигъэщащ абы.

УФ-м Шы спортымкІэ и федерацэм и унафэщІ Сечинэ Маринэ ди республикэм зэрыщыхьэщІа махуэхэр гукъинэж зэрыщыхьуар, щилъэгъуа щІыпІэ телъыджэхэм зэрыдихьэхар къигъэлъэгъуащ.

- Фи щІыналъэм и дахагъэм, зи гугъу тщІы псэущхьэр фи цІыхухэм ижь-ижьыж лъандэрэ фІыуэ зэралъагъум ди фІэщ ещІ шы спортым фи деж зыщегъэужьыныжьмкІэ хэкІыпІэфІхэр фызэриІэр, абы и лъэныкъуэкІэ нобэ зэтщІылІа зэгурыІуэныгъэмэ ІэмалыфІхэр къызэрыдитыр, - щыжиІащ мы зэІущІэм Сечинэ Маринэ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Урысейпсо утыкум къыщалъытащ

Иджыблагъэ Башкириеи и къалащхьэ Уфа щекІуэкІащ студентхэм я курс лэжьыгъэ нэхъыфІхэм я урысейпсо зэпеуэ. Абы щыхэплъащ Урысей къудамэм Федерацэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я студенти 164-м я Іэдакъэщ Іэкі нэхъыфІхэм. Зэпеуэм ягъэхьа лэжьыгъэхэр теухуат гуманитар, цІыхубэ-политикэ, естественнэ унэтІныныгъэхэм.

«PEDAGOG.PRO» урысейпсо щІэныгъэ-методикэ центрым къызэрыгъэпэща зэпеуэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и магистратурэм и «Адыгэ филологие» къудамэм и яп курсым щеджэ Жыгуэ Иннэ. Абы «Агъно-

къуэ Лашэ и усыгъэхэм хэлъ художественнэ щхьэхуэныгъэхэр» къыщихута и курс лэжьыгъэр зэпеуэм щытекІуащ икІи «Урысей Федерацэм ис пэлъэхъэм я литературэ» номинацэм и яп нагъыщ дипломыр къыхуагъэфэщащ. Жыгуэм и лэжьыгъэр итхащ КъБКъУ-м Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу пэлъэхъэм я литературэмрэ ІуэрыІуатэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор Тымыжь Хьэмыщ и унафэм щІэту. Кьыхэгъэщыпхъэщ мыр Тымыжьым игъэхьэзырахэм я етІуанэ екъулІэныгъэу зэрыщытыр. Хэку зауэшхуэр ди текІуэныгъэкІэ зэриухрэ илъэс 70 зэрырикъум и щІыхькІэ 2015 гъэм екІуэкІауэ щытащ студент диплом лэжьыгъэ нэхъыфІхэм я урысейпсо зэпеуэ.

Абы хэтащ икІи етІуанэ увыпІэр къыщихьащ ТІымыжьым и гъэсэн Дол Оксанэ.

ЩІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я урысейпсо утыкум зи щІэр фІыкІэ щызыІэтыІэуа Жыгуэ Иннэ зэреджэм хуэдэурэ щолажьэ ВГТРК къэрал телекомпанием и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм, радиожурналистщ.

Ди гуапэщ адыгэ пщащэм дяпэкІи екъулІэныгъэ иІэну.

МЫЗ Ахьмэд.

■ ЗэІущІэхэр ■ Хъыбарыщ Іэхэр

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Адыгэ лъагъуэжьхэр ■ Малъхъэдис

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж информацэр хъумэныжьмкІэ ведомствэхэм зэдайуэ щыІэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм щыщхьэІуІум и 24-м къыдигъэкІа унафэ №103-РГ-мкІэ къыщІам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Комиссэм хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Бэлэтокъуэ В. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іи и къуэдзэр *(Комиссэм и унафэщІым и къуэдзэщ)*

Атаров В. Т. - къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и къуэдзэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэр *(зэгурыІуауэ)*;

б) Синицкий А. А. и къулыкъым зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іуэхуэхмкіэ управленэм и унафэщІым и къуэдзэр»;

в) Комиссэм къыхэгъэкІыжын Битокъуэ В. М., Залиханов К. Хь-У. сымэ.

2. Мы унафэм къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм гъатхэпэм и 17-м
№17-РГ

Лэскэн муниципальнэ районым хыхьэ Уэзрэдж къуажэм и щІыналъэм щыщІыхьэм мардэ пыухыкІахэр (карантин) щыгъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Лэскэн муниципальнэ районым хыхьэ Уэзрэдж къуажэм и щІыналъэм псэущхьэм хъущхьэрыІуэ уз къыщеуэлІауэ къызэрахутам къыхэкІыу, «Ветеринариемрэ и Іуэхукіэ» 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м кІащта Урысей Федерацэм и Закон №4979-1-м и 17-нэ статьям тету икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэм 2017 гъэм гъатхэпэм и 23-м №38/02-510-м щІэту къиГъэхьа тхыгъэм ипкъ иткІэ, хьэщхьэрыІуэ узыр гъэкІуэдын мурадкІэ.

1. Лэскэн районым хыхьэ Уэзрэдж къуажэм и ищхъэрэ-къухьэпІэ лъэныкъуэмкІэ автомашинэхэм гъэсыныпхъэ щрагъахьуэу щыІэ станцым и хъуреягъкІэ метрищэкІэ къекІуэкІыу мардэ пыухыкІахэр (карантин) щыгъэувын.

2. Карантиныр щыщыІэ зэманым къриубыдэу мы унафэм и пункт 1-м къыщыгъэлъэгъуа щІыпІэм псэущхьэхэр, абыхэм хьэхэмрэ джэдухэмрэ яхэту, кърашыну е а щІыналъэм унагъуэ псэущхьэхэмкІэ сату щащІыну хуитхъэм.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и Управленэм къалэн щыщІын Лэскэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм щІыгъуу зыхуэфащэ Іуэхуэхэр зэхилъхьэну икІи хьэщхьэрыІуэ узыр гъэкІуэдыным хуэгъэза лэжьыгъэхэр иригъэкІуэкІыну.

4. Мы унафэм къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм гъатхэпэм и 29-м
№20-РГ

Ди цІыхухэр арэзымэ, ди къалэным дыпэлъэщу аращ

● Политикэ партхэм

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым КъБР-м щиІэ къудамэм дыгъуасэ зэІущІэ щекІуэкІащ.

«ГРАЖДАНСКИЙ университет» Іуэхум епха зэІущІэм хэтыну абы къэкІуат УФ-м и Къэрал Думэм и депутат **Марьяш Иринэ**, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щІыпІэ къудамэм и унафэщІым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**, партым и муниципальнэ къудамэхэм я унафэщІхэмрэ абыхэм я къуэдзэхэмрэ.

ЗэІущІэм гупсысэ нэхъыщхьэу хэлъар «Урысей зэкъуэт» партым и къудамэхэм я лэжьэкІэр зы жьгпхъэм теухуэн, цІыхухэм дяпэкІи партым дзыхь къыхуащІу я къалэнхэр зэрагъэзэщІэну щІыкІэр гъэбелджылын зэрыхуейрат.

Марьяш Иринэ и псалъэм къыхигъэщащ лъэІу яІэу партым и Іуэхущ Іапі эм къекІуалІэ цІыхухэр ямыгъэщІэхъуну яужь зэритыр.

- Дэ цІыхур къытщыгугъуеу къыдбгъэдохьэ. Абыхэм нэмылІ яхуэщІыныным, псынщІэ-псынщІэу щІэбгъэкІыжмэ нэхъ къапщтэу, къыпфІэмыІуэху ущысыным нэхъ шынагъуэ хэлъкъым ди Іуэхум. ЦІыхум жиІэм тэмэму уемыдаІуэмэ, и Іуэху зыІутыр къыбгурыІуэнукъым. Абы удэмыІэпыкъуфмэ, уи деж къыщымыувыІэу, нэхъыщхьэжхэм я дежи кІуэнущ, итІанэ уэ узэрылъэкІэ зыгъэзащІэр (*зэгурыІуауэ*);

б) Синицкий А. А. и къулыкъым зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іуэхуэхмкіэ управленэм и унафэщІым и къуэдзэр»;

в) Комиссэм къыхэгъэкІыжын Битокъуэ В. М., Залиханов К. Хь-У. сымэ.

2. Мы унафэм къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм гъатхэпэм и 29-м
№20-РГ

● ЗэІущІэхэр

ЩІэныгъэлІхэр гъэм ироплъэж

КъБКъУ-м щекІуэкІащ ЩІэныгъэлІхэм я Советым и зэІущІэ. 2016 гъэм зэфІагъэкІа лэжьыгъэм теухуауэ абы къыщыпсэлъащ университетым и ректор Альтуд Юрий.

РЕКТОРЫР къытеувыІащ нэхъыщхьэу яхуэфІэкІам. Абыхэм ящыщщ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий и унафэщІу КъБКъУ-м и Попечительскэ совет къызэрызэрагъэпэщащ, Санкт-Петербург щэнхабзэмкІэ и къэрал институтым дэлэжьэну зэгурыІуэныгъэ зэрыращІылІар, Ельцин Борис и цІэр зезыхьэ Президент библиотекэмрэ Къэрал Эрмитажымрэ я щІэныгъэлІхэр хэту КъБР-м къэхутэныгъэхэр зэрыщрагъэкІуэкІар. Апхуэдэу Альтудыр тепсэлъыхьащ къызэрагъэпэща кафедрэщІэхэм, Іэмэпсымэкіэ къызэгъэпэщауэ медицинэ факультетым хуащІа къудамэщІэм.

ЕджапІэ нэхъыщхьэхэм щекІуэкІ лэжьыгъэм и фІагъыр къэхутэныгъэмкІэ УФ-м Егъэджэныгъэмкіэ и министерствэм иригъэкІуэкІа къэпщытэныгъэм къызэригъэлъэгъуамкіэ, КъБКъУ-р еджапІэ нэхъыфІхэм ящыщ хуэжащ. Урысейм и еджапІэ нэхъыщхьэхэр къапщтэмэ, ди университетыр 49-нэ увыпІэм щытщ. Альтудым жиІащ КъБКъУ-м и лэжьыгъэр щІэныгъэ нэхъыщхьэ зэрырагъэгъуэт программэ 247-м ятещІыхьауэ зэрыщытыр, 2016 гъэм цІыху мини 2,4-рэ къызэрыщІагъэкІар, абыхэм ящыщу цІыху 542-м диплом плъыжь къызэрахьар. ЗэрытщІэщи, зыгуэрым и цІэкІэ ягъуэва стипендие къэпхьыныр ехьулІэныгъэшхуэщ. Абы и лъэныкъуэкІи университетым щеджэхэм цІыхуи 125-рэ къахэжаныкІащ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъун-щи, УФ-м и Президентым и стипендиер къэзылэжьа къахэкІакъым.

Университетым щылажьэхэм я щІэныгъэм хагъэхъуэным, ехьулІэныгъэ зэрагъэгъуэтыным теухуауэ КъБКъУ-м диссертационнэ совету 6 щолажьэ, Альтудым зэрыжиІамкІэ. Илъэс кІуам абы лэжьыгъэ 21-рэ щыпхагъэхІащи, абыхэм ящыщ зыр университетым щезыгъаджэм и доктор лэжьыгъэщ, кандидат лэжьыгъэхэр 10 мэхъу. КъБКъУ-м иригъэкІуэкІащ щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм, студентхэм, аспирантхэм грант къахьыным теухуа зэпеуэ. Абы щытекІуахэм сауГъэту ахъшэ иратащ.

2016 гъэм ирагъэкІуэкІа зэпеуэхэм ящыщщ «СТАРТ», «Умник на Старт» жьхуиІэхэри. Апхуэдэ Іэмал яІэ хъуащ КъБР-м Зыужьныгъэмкіэ и фондым и къудамэ КъБКъУ-м къызэрыщызэІуахрэ.

Ректорыр тепсэлъыхьащ еджапІэм социальнэ Іуэхуэхэр зэрылажьэ гъэсІкІми.

КъБКъУ-м и проректор Лесев Вадим тепсэлъыхьащ 2017 - 2018 гъэхэм аспирантурэр зэрылажьэну унэтІныгъэхэмрэ абы ущІэхуэн папщІэ гъэзэщІэн хуейм.

КъБКъУ-м гъэсэныгъэмрэ социальнэ Іуэхуэхэмкіэ и проректор Къумыкъу Іуэс къыхилъхьащ университетым и ректору щыта Льюстэн Владимиррэ КІэрэф Къамбулэтрэ, усакІуэшхуэ Кулиев Къайсин къызэрыхъурэ илъэси 100 зэрырикъум и щІыкІэ бюст хуагъэувыну.

СОЛГАЛОВЭ Наталье.

● Хъыбарегъащ Іэ

Пшыхьым фрагъэблагъэ

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм республикэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщІэхэмрэ ирегъэблагъэ УФ-м и цІыхубэ артистхэу ТІыхъужь Алийрэ ДышэкІ КІунэрэ къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум и щІыхькІэ ирагъэкІуэкІыну пшыхьым. Ар Налшык и Музыкэ театрым мэлыжьыхьым и 7-м сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м щыІэнущ.

Концертым хэтынущ уэрэджэлІакІуэ нэхъыфІхэр, комедие жанрым фІыуэ хэзагъэ артистхэр.

● Гу зылъытапхъэ

«Адыгэ псалъэм» Іэ тевдзэ

«Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфІхэ!

Илъэс ныкъуэм ныфхуахьыну ди газетым Іэ щІэвдзыну фыхунэмысамэ, иджыри Іэмал фиІэщ ар вгъэзэкІуэжыну.

Мэлыжьыхьым и 21 пщІондэ Іэ щІэвдзмэ, «Адыгэ псалъэр» ныфІэрыхьэнущ накъыгъэм и 1-м къыщыщІэдзауэ.

МазитІым ди газетым и уасэр сом 218-рэ кІэпІейкІэ 66-рэщ.

Ди индексыр 51531

Мэлыжьыхь мазэм цІыху нэхъыбэ дыдэ зэдзщІэну зыгъэпсэхупІэу 10-м хабжащ Іуащхьэмахуэ лъапэрэ «Роза Хутор» курортымрэ

Бгы-лыжэ спортыр фІыуэ зылъагъуу къэралым исхэм ящыщу мэлыжьыхь мазэм нэхъыбэ дыдэ зэкІуэлІэну зыгъэпсэхупІэу 10-м яхэтщ Іуащхьэмахуэ лъапэрэ «Роза Хутор» курортымрэ.

РЕЙТИНГЫР зэхэзылъхьахэм къызэрабжамкІэ, мэлыжьыхьым и 1 - 30-хэм къриубыдэу Іуащхьэмахуэ лъапэ щыІэну туристхэм махуэ къэс псэупІэм ику иту сом мини 5 щІатынущ, ящ уевыпІ щІыр зыІыгъхэм яхэт адрей курортхэм псэупІэм махуэ къэс сом мини 7-м нэблагъэ щытекІуэдэнущ.

ТурСтарт агентствэм къызэриткІэ, къуршхэм щыІэ курортхэм мэлыжьыхь мазэм кІуэнухэм псом ящэ зытращІыхьынур псэупІэм и уасэр еэзгъырабгъуу щытынырщ, лыжэкІэ къыщажьхь гъуэгухэм уэс куу телъынырщ. Туристхэм я бжьыгъэр нэрылъагъуу нэхъыбэ ещІ фестивалхэмрэ адрей нэгузыужь Іуэхухэмрэ зыгъэпсэхупІэхэм къызэрыщызэрагъэпэщым.

Хъыбарегъащ Іэ агентствэхэм къатахэм япкъ иткІэ
КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эм игъэхьэзыращ.

● Хабзэхъумэ Іэнатіэ

Жылагъуэ советым и гупыщІэ

КъБР-м щыІэ МВД-м къеГэущІылІа Жылагъуэ советым и гупыщІэм и яп эзІущІэм хэтащ республикэм къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ и министр полицэм и генерал-лейтенант Ромашкин Игорь.

- ИЛЪЭС куэд хъуауэ фэ жыджэру яужь фитщ Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министерствэмрэ республикэм щыпсэухэмрэ я эзпыщІэнгъэр гъэбыдэным. Фэ фщыщ гъэрхэмк къапэщылъщ а лэжьыгъэм зэрыпэрытрэ кьшцІар советым и гупыщІэм и мурадкэр къехъулІэныжмкІэ кьахуэщхьэпэным зэрыщыгугъыр.

КъБР-м Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министерствэ щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

КъБР-м щыІэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэу хахьжащ Балъкъыз Валерэ, абы и къуэдзэхэщ Петровский Владимирр КІыщыкъуэ Иринэрэ, Советым и секретарщ «Кабардино-Балкарская правда» газетым и лэжьакІуэ ШкІэжь Ирэнэ.

Жылагъуэ советым хэтхэм защыхуигъаэзэм, Балъкъыз Валерэ кьыхуащІа дзыжьым папщІэ фыщІэ яхуищІащ. Абы кьыхигъащІащ жылагъуэ лэжьыгъэм зэрыпэрытрэ кьшцІар советым и гупыщІэм и мурадкэр къехъулІэныжмкІэ кьахуэщхьэпэным зэрыщыгугъыр.

КъБР-м Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министерствэ щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Сабий тхылъым и дунейпсо махуэ

Данием щыщ тхакІуэ цІэрыІуэ АндерсенГанс Христиан къыщацІэхуа мэлыжьыхьым и 2-р Сабий тхылъым и дунейпсо махуэу ягъэлъапІэ 1967 гъэ лъандэрэ. Ар и жэрдэмт сабий тхылъымкІэ IBBY-International Board on Books for Young People дунейпсо советым.

САБИЙ литературэр зэфІэгъэувэным ди къэралми гупымэ ин щыхуащІащ. Иджыри XVII лІэщІыгъуэм иеромонах Савватий сабийжьм папщІэ усэ пщыкІуз итхауэ щытащ. ИужькІэ пащтыхыкъуэхэу Алексейрэ Фёдоррэ я егъэджакІуэ, Москва и тхылъ тедзапІэм и лэжьакІуэ Истомин Карион сабий тхылъхэр итхыу щІидзащ. XVIII - XIX лІэщІыгъуэхэм кьунэхуащ сабий тхакІуэхэу Аксаков Сергей, Шишков Александр, Погорельский Антоний, нэгъуэщІхэри. XIX лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэхэм яп сабий журналхэр кьыдагъэзкІыу хуежьащ.

Къэбэрдей сабий литературэм и гугъу щыпщІкІэ зэманым декІу сабий литературэ зэфІэгъэувэным зи гуащІэ хэзылъхьахэу Щомахуэ Амырхъан, Нало Заур, АфІэунэ Лиуан, Щоджэн Леонид, Хъэцыкіу Хьэсэн, Тау Нинэ, Мэз Іэниуар, Джэрыджэ Арсен, Жаным Борис, Хъэщыкъуей Олег сымэ я щІэ кьыйуагъкъащ. ЩыкІуэхэм ахуэтэхэм нэхъ гугъу щымыІэми, зи щІэ кьисІуа тхакІуэхэм сабий куэд кьыдадэхьыфащ.

Лъэпкъ литературэм кьыхэбэкъуа щІэблэми яхэтщ сабийжьм яхуэтхэхэри. Абыхэм гугъэ уагъэщІ нэхъыжьхэм пхаша псыпэм кьыпащэну.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Бзухэм я дунейпсо махуэ

Къуалэхэри унэ хуэныкъуэщ

Мэлыжьыхьым и 1-р Бзухэм я дунейпсо махуэу къэлъытэныр 1894 гъэм США-м къыщыхалъхьащ. ИужькІэ ар Европэми нэсащ. Иджы ар илъэс куэд ящІэ щагъэлъапІэ, ЮНЕСКО-м «ЦІыхумрэ биосферэмрэ» и биологие программэм ипкъ иту.

ХАБЗЭ зэрахуэхъуащи, а махуэм цІыхухэм бзу зэмылІэужьыгъуэхэм: бжэндэхъуэм, пцІащхьэхэм, нэгъуэщІхэми «къуалэ унэ цІыкІуэхэр» жыг къудамэхэм, унащхьэ къуагъэм щыхупащІэ, щыхукІэрапІуІэ.

Дамэ зытет псэущхьэ цІыкІуэхэм ядэІэпыкъуным теухуа гупсысэр 20-нэ лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэм Урысейми къэсащ. 1910 гъэм школ егъэджакІуэ Бузук Пётр Хортицэ къуажэм къэралым щыяпэу къыщыззэригъэпэщащ ЩІыуэпсыр зыхьмэхэм я зэгухьныгъэ, бзу абгъуэр зи дамыгъэ хъуар. Абы хэтхэм бзухэр ягъашхэрт, адзкІэ-мыдзкІэ унэ цІыкІуэхэр щыхуфІадзэрт.

1917 гъэм екІуэкІа революцэм а зэгухьэныгъэр игъэлъэлъэжащ, арщхьэкІэ бзуныхэуа ящхьэрыгъуэщІэмы мы Іуэхуэр Іэщ1ыІб ищІакъым. 1924 гъэм игъэмахуэм СССР-м щекІуэкІащ Юннатхэм я союзэпсо зэхуэсыщхъэ. Биостанц нэхъыщхьэм и егъэджакІуэ Дергунов Николай абы къыщыхилъхьащ Бзухэм я махуэр щІэрыщІэу ди къэралым щагъэувыжыну икІи 1926 гъэм СССР-м ар щагъэлъапІащ.

КъыкІэлъыкІуэ илъэсым Бзухэм я махуэр Мэзкуу и щІыпІэ псоми щаІэтащ. Абы щыгъуэ а Іуэхум ныбжьыщІэ мини 5-м нэблагъэ хэтащ. 1928 гъэм а Іуэхум теухуауэ зохаша щІыкІэхэу «телъыджэм» сабий мин 65-рэ кьрихьэлІащ. Абыхэм бжэндэхъу абгъуэру мин 15-м щІигъу. Пэжщ, 20-нэ лІэщІыгъуэм и 60 - 70 гъэхэм щІыкІэхэу дахэхэр ирамыгъэкІуэкІыжу «къаублауэ» щытащ, арщхьэкІэ Урысейм и бзухэр хъумэнымкІэ зэгухьэныгъэм, 1993 гъэм кьыззрагъэпэщащ, и фыыгъэкІэ а Іуэхур аргуэру кьрахьэжьэжащ.

2000 гъэм Мэзкуу и Правительствэм Бзухэм я махуэр гъэлъэпІэныр кьалэ Іуэхуу кьиІытащ. Иджы абы ди къэралым и дэтхэнэ щыналъэми гулъытэ хэха щыхуащІ.

Мэлыжьыхьым и пэщІэдзэ махуэр ар кьыхэзылъхьауэ щытахэм ауэ сытми кьыхахакъым: мы зэманым щыпІэ хуабжэм кьолъэтыкІыжри, ди деж кьагъэззэж бзухэм. Балигъэхэмрэ сабийхэмрэ а махуэм зэІуэпэщ ящІ псыпщІхэм щыпсэу кьалэхэм я хэщІапІэхэр, Іусхэмкіэ гъэнщІа пхъэбгъуэхэр бжэндэхъу абгъуэхэмрэ жыгхэм пагъэзагъэ, адзкІэ-мыдзкІэ ирапуІ.

КЪУМАХУЭ Асльэн.

Гъатхэр мэзхэм мафІэс нэхъыбэ къыщыщыхъу лъэхъэнэщ

Мэзхэм мафІэсхэр къыззрыщыхьри удз гъэужьым мафІэ зэрыщІэнэри и нэхъыбапІэкІэз и зэраныр щІыхурщ. Аращи, апхуэдэ къэхъуакъащІэхэр зыгъэмэщІэфынури ахэрщ.

ПСОМ хуэмыдэу иджыпсту щынагъуэщ удз гъэужьым щхьэзыфІэфІу зэрагъэлыр. Абы хэщІыныгъэшхэ кьеХь, мэзхэмк куэдрэ щытхъэс щыІэщ. Удз гъуар щагъэскІэ абы хэс псэущхьэ мыинхэр, бзухэр хокІуадэ, удзыщІэр кьыззрыщІэуэным хунэмысу елыпщІ. Удзыр гъэсыным сэбэпынагъ лъэпкъ пылъкъым, абы и яжьэм щІыр игъэпшэру языныкъуэхэм кьалъытэми. МафІэм ІыІы щхьэфэр трелыгъуэкІри, ар тыншу жьым епхъэх. Абыи кьыщымынэу, мафІэр жьым ирехужьэри, бжьыхьэм, унэхэм ящІонэ, электрокъарур зрикІуэ пкъохэр ец. Удзыр зэрагъэлъм кьыхэкІыу мы гъатхэм Урысейм цІыкІу щхьэхуэкІэ щыхэкІуадэ.

А псом кьыхэкІыу КъБР-м ЩІыуэпсым и хьугуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм цІыкІуэм ягу кьегъэкІыж мэзым щыгъэззэщІэн хуей хабзэхэр:

- тутын ныкъуэфхэр, мафІэдзхэр тэмэму фымыгъэунКІыфІауэ зыфІэвмыдзэ, апхуэдэу тутын зэрефэ лулэхэм илъ яжьэр дэнэ дежи къыщивмыгъэлъэлъ;

- автомобилым фисутутын фефэмэ, ныкъуэфыр щхьэгъубжэмкІэ дэвмыдз, атІэ сахуалъэм ифлъхь;

- мафІэ фщІын хуей хъуэмэ, ар щызэщІэвгъэстыну щыпІэр тэмэму кьыхэфх, гъурцымрэ удз гъуамрэ здэщыІэ щыпІэхэм япэІэщІэу, жьы пэум зэбгримыхьын хуэдэу;

- мафІэ щыфщІыну щыпІэм деж щІы щхьэфэр щытефх икІи и хъуреягъкІэ кьекІуэкІыу щІыр зэтефкІуэ сантиметр 50 нэхърэ мынэхъ лъахъшэу.

- мафІэр зэщІэвгъэста нэужь абы зэпымыууэ фыкІэлъыплъ;

- мафІэм зимыубгъун папщІэ абы тефлъхьэ пхъэр нэхъ кІэщІу зэпывупщ, фи Іуэхур зэфІэкІа иужь мафІэм псы тефкІуэрэ вгъэунКІыфІ е щІы тефкІуэ;

- мэзым зэи къыщІэвмынэ дагъэ, бензин, фтыдыжэн зыщІэзэфа хъыданхэр, тхылъымпІэ;

- мэзым кІэрысychьабзэрыхуэр, куэншыб, пхъэнкІий щивмыкІуат, лыгъэр щывмыдз.

Мэзым мафІэс къыщыхъеяуэ е удз гъурым мафІэ щІэнаэу фрихьэлІамэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр мэз хозяйствэ» къэрал бюджет Іэхуащ Іапіэм и диспетчер Іэнатіэм ИкІыщІыпІэкІэ фыпсалъэ мы телефонхэмкІэ: (88662) 97-38-76, 8-800-100-94-00.

НыбжьыщІэхэр зэпоуэ

Балъкъэрхэм я лъэпкъ автономиер зэрызэфІагъэувэжрэ илъэс 60 зэрырикъур щагъэлъапІэм иритхьэлІэу, Урысей МВД-м Іуащхьэмахуэ куеймкІэ и къудамэм и унафэщІхэм, ОМВД-м дэлажьэ Шылагъуэ советым хэт АфІэунэ Дусэ сымэ.

Зэпеуэм щытекІуащ Тырныауэ къалэм дэт лицей №1-м и еджакІуэ Елдар Аидэ. Абы иратащ щыхь тхылъэр сауГъэт лъапІэрэ.

КъБР-м Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министерствэу щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

ГушыІэр Тхьэм и щІасэщ

Нобэ ГушыІэм и махуэщ. Абы ипкъ иткІэ фи пащхьэ идолъхьэ тхакІуэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд и «Смех сквозь столетия» тхылъым ихуа гушыІэхэм щыщ зыбжанэ.

ГушыІэхэр ХьэфІыцІэм цІыхушхуэхэм я гъащІэр къыщыгъэлъэгъуэжа тхыгъэм къыхиджыкІыурэ, абыхэм теухуауэ ятхахэм къыхихыурэ зэхуихьэсащ.

СэмэгумкІэ къыщыщІэдзи

Нобель саугъэтыр кьратагъащІэу, Хемингуэй Эрнест унагъуэ гуэрым ирагъэблагъащ: «ДгъэфІэнщ», - жаІэри.

ЦІыхубз псэлъэрей гуэр кьыбгъэдэхутащ тхакІуэм. Абы и жьэр увыІакъым Іэнэм пэрысьху.

- Дуней псом цІрыІуэ уцыхъуащ, саугъэт лъапІэр кьуатри. Сэри схуэтхынут роман, кьызэрыщІэздзэнур сщІэркъым армыхъу, - жиІащ цІыхубзым.

- Сэ бжесІэнщ кьызэрыщІэбдзэнур: сатыр кьэс сэмэгумкІэ кьыщІэдзи, ижьымкІэ етхэкІ, - чэнджэщ иратащ Хемингуэй цІыхубз псэлъэрейм.

Іэплі кьысхуэщІ

Франджы тхакІуэ Тристан Бернар шхапІэ гуэрым щІыхьащ: «Сыкьыщышхэнщ», - жиІэри. Кьрагъэшхар игу ирихьатэкъыми, тхакІуэр кьытеткащ. Іэнэзэкъэм еджэри жриІащ:

- ШхапІэр зейр кьысхуэшэ!

Кьыхуэшащ.

- Сыт ар, зиусхьэн?

- Іэплі кьысхуэщІ, - жиІащ тхакІуэм.

- Іэплі!

- Нтіэ. Аращ ущыщІезгъэщар: Іэплі кьысхуэщІ.

- Сыт щхьэкІэ? – игъэщІэгъуащ шхапІэр зеир.

- Нобэ щыщІэдзауэ дызэрыльагъужьыкъым, аращ Іэплі кьыщысхуэпщІынур. Си напэр фІыщІащ, сэ мы шхапІэм афІэкІа сыкьыщІыхьэмэ!

Езыхэращ кьыздехьар

- Гъэмахуэм дэнэ зыщщбгъэпсэхуа? - жаІэри еупщІащ Анатоль Франс.

- Алыджьым, - жиІащ тхакІуэм.

- Алыджьбзэ щІыгъэр уэ?

- Дэнэ щысщІэн?

- Нтіэ, гугъу уадэхьа хъунщ, я бзэр щумыщІакІэ?

- Садэхьакъым... Езыхэращ кьыздехьар, - жиІащ тхакІуэм. - Си бзэр яцІэртэкъымкІ...

Шыд хъунукъэ?

Берлин дзт театрхэм ящыщ зым «Ричард Ещанэ» драмэм кьытращыкІа спектаклыр щагъэлъагъэрт. Псоми ягу ирихьащ спектаклыр, псори хъарзынэу екІуэкІащ, мы псалъэм нэсыху: «Шы, шы, ыкІи зэзэфт, кьэралым и зэхуэдитІыр щІэстыфынущ шыфІым!» Ар зи псалъэр драмэм хэт лІыхъужь нэхъыщхьэрт.

А псалъэр щызэхихым, залым щІэсхэм ящыщ зы кьыхэкІиикІащ: «Шыд хъунукъэ?» - жиІэри.

Артистым жэуап итыжащ: «Хъунущ. КъакІуэ шыдэ!»

Делэхэм я тхылъ

Франджы пащтыхь Генрих ЕплІанэм иІэт ажэгъафэ гушыІэрей, зыхэт Іуэхуэзэхэхэм кьащыщІ щІэщхьэхэр «Делэхэм я тхылъ» зыфІищам емызэшу иритхэу.

Зэгуэрым пащтыхьым гуапэу кьриГъэблэгъащ дунеяплъэ къэзыкІыхь сатуущІэр. Абы зыкъомрэ дэуэршэрщ, Хьэрыпым кьыщагъэхуэ шы лъэпкъыфІ кьыхуиишну гурыІуэщ, ахъшэфІ иритри, иутІыпщІыжащ.

Ажэгъафэм псынщІэ дыдэу и тхылъым иритхащ пащтыхьым и цІэр.

- Апхуэдэу щхьэ пщІа? - къэгубжьащ Генрих ЕплІанэр.

- Зэи умылъэгъуа цІыхум апхуэдиз ахъшэ епт хъуре? Ущымыгугъ, къиГъэзэжынукъым абы.

- Кьыгъэзэжмэ-щэ?

- Абы щыгъуэм уи цІэр мы тхылъым изокъутыкІыжри, сатуущІэм ейр изотхэ! - жиІащ ажэгъафэм.

Цы сощэ

Иоганн Штраус хьэмаскІэ къарэ цІыкІу иІащ. Зыкъом дэкІри, хьэмаскІэм и цыр цІырхэ хъууэ гу лъитащ композиторым.

- Сыт хъэмаскІэм кьыщыщІар? - еупщІащ Штраус и Іэпыдзэлъэпыдзым.

Іэпыдзэлъэпыдзэр цІыплъ хъури, зауІрэ зриГъэфхьащ, иужьым зимыусыжащ:

- ХьэмаскІэм и цыр сощэ, уи щхьэцрауэ яжесІэурэ.

Зыри тхьэусыхэркъым

Франджы еджагъэшхэу Монтень зэгуэрым жиІэгъащ мыпхуэдэу:

- Мы дунейм нэхъ тэмэму, зэхуэдэу, захуагъэ хэлъу щагуэшар акъылрауэ кьыщІэкІынущ.

- Сыт апхуэдэу щІыжьпІэр? - еупщІащ абы и еджакІуэхэр.

- Зыри тхьэусыхэркъым акъылыр кьызэремэщІэкІымкІэ, - жиІащ лІы Іущым.

ЩІыжьыпщІэ

ЩищІалэгъуэм американ къэхутакІуэ Эдисон ахъшэ кьилэжьырт, хьэпшып зэмылІэужьыгъуэхэр зэригъэпэщыжурэ. Зэгуэрым ар ираджащ мыхьэнэшхуэ зиІэ станокыр мылэжьыжу кьыщыуыІа заводым. ЩІалэм станокыр гупсэхуу кьызэпиплъыхьащ, уадэ щыкІукІэ гъущІ пкъыгъуэхэм ящыщ зым тІэу кьудей теуІуэри, станокыр лажьэу ежьэжащ.

- Сыт хуэдиз щыжьыпщІэр? - гуфІэжу щІэупщІащ заводым и унафэщІр.

- Долларищэ!

- Ар дауэ? ТІэу кьудейщ уадэкІэ станокым узэрытеуІуар.

- Пэжщ жьыПІэр, - щІэгуфІыкІащ и пащІэм щІалэщІэр, - теуІуэгъуитІым доллариТ кьыпІыэох. Абы нэмыщІкІэ доллар 98-рэ кьызэптын щІыхуейр сызытеуІуэнумрэ сызэрытеуІуэну щІыкІэмрэ сщІэуэ кьызэрыщІэкІарщ.

Ныбжьэгъум и фэеплъу

2017 гъэм гъатхэпэм и 26-м дунейм ехыжащ дзэм и полковник, боксымкІэ спортым и мастер Иджынэ Іэмырбий Федор и къуэр.

ИДЖЫНЭ Іэмырбий 1937 гъэм къалъхуащ. 1955 гъэм абы Кавказ Ищхьэрэ суворовскэ дзэ еджапІэр фІы дыдэу кьиухащ. Нэхъ ижькІэ щІэныгъэ щызригъэгъуэтащ Суворовскэ офицер еджапІэм (1958 гъэ), Лесгафт П. Ф. и цІэр зезыхьэ Физкультурэмрэ спортымкІэ институтым и дзэ факультетым (1963 гъэ), Пятигорск къалэм нэгъуэщІ къэралыбзэхэмкІэ и институтым (1972 гъэ).

ЩІэныгъэшхэу зыбгъэдэлъ икІи и Іэщ1агъэм хуэІэзэ щІалэм Іэнатіэ кьыщивмыгъэлъэлъ;

- автомобилым фисутутын фефэмэ, ныкъуэфыр щхьэгъубжэмкІэ дэвмыдз, атІэ сахуалъэм ифлъхь;

- мафІэ фщІын хуей хъуэмэ, ар щызэщІэвгъэстыну щыпІэр тэмэму кьыхэфх, гъурцымрэ удз гъуамрэ здэщыІэ щыпІэхэм япэІэщІэу, жьы пэум зэбгримыхьын хуэдэу;

- мафІэ щыфщІыну щыпІэм деж щІы щхьэфэр щытефх икІи и хъуреягъкІэ кьекІуэкІыу щІыр зэтефкІуэ сантиметр 50 нэхърэ мынэхъ лъахъшэу.

- мафІэр зэщІэвгъэста нэужь абы зэпымыууэ фыкІэлъыплъ;

- мафІэм зимыубгъун папщІэ абы тефлъхьэ пхъэр нэхъ кІэщІу зэпывупщ, фи Іуэхур зэфІэкІа иужь мафІэм псы тефкІуэрэ вгъэунКІыфІ е щІы тефкІуэ;

- мэзым зэи къыщІэвмынэ дагъэ, бензин, фтыдыжэн зыщІэзэфа хъыданхэр, тхылъымпІэ;

- мэзым кІэрысychьабзэрыхуэр, куэншыб, пхъэнкІий щивмыкІуат, лыгъэр щывмыдз.

Мэзым мафІэс къыщыхъеяуэ е удз гъурым мафІэ щІэнаэу фрихьэлІамэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр мэз хозяйствэ» къэрал бюджет Іэхуащ Іапіэм и диспетчер Іэнатіэм ИкІыщІыпІэкІэ фыпсалъэ мы телефонхэмкІэ: (88662) 97-38-76, 8-800-100-94-00.

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 1, *щІэбзат*

♦**Къуалэбзухэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Ауанымрэ дыхьэшхэнымрэ я махуэщ.** Ар щагъэлъапІэ УФ-м, апхуэдэуи СНГ-м, Прибалтикэм хьыкъэ къэралхэм, США-м, Канадэм, Инджылызым, Финляндиием, Испанием.
♦**Иран Ислъам Республикэм и къэралыгъуэм и махуэщ**
♦**1748 гъэм** урым кьалэ Помпея кьыщІэтІыкІыжьын щІадзащ. Везувий вулканым ди эрэм и 79 гъэм кьибгъэгъуКІын щыщІидзам кьрихуа пшахъуэмрэ сахуэмрэ я кьалэр зэрыщьту щІалуБат.
♦**1778 гъэм** США-м и доллары и дамыгъэр кьагупсысащ. Нью-Орлеан щыщ хьэрычэтыщІэ Полок Оливерт абы и сурэтыр зыщІар.
♦**1920 гъэм** кьызэрагъэпэщащ Литвам и хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапіэр - иджы ЭПЬТА агентствэр.
♦**1931 гъэм** Симферополь къыщызэІуахащ Кърым медицинэ институтыр. Иджыпсту ар Вернадскэм и цІэр зезыхьэ Кърым федеральнэ университетым хьыхэ медицинэ академиерщ.
♦**1938 гъэм** Швейцариием утыку кьыщрахьащ бгъэткІу хъу кофер.
♦**1956 гъэм** Берлин (ФРГ) кьыщызэрагъэпэщащ Германием и федеральнэ тІасхъэщІэх Іуэхущ Іапіэр.
♦**1995 гъэм** лэжьэн щІидзащ «Урысей жылагъуэ телевидение» каналым. Иджы абы зэреджэр «Япэ каналщ».
♦**2009 гъэм** Албаниемрэ Хорватиемрэ НАТО-м хьыкащ.
♦Урыс тхакІуэшхуэ, дунейпсо литературэм и классик **Гоголь Николай** кьызэралъхурэ илъэс 208-рэ ирокъу.
♦Германием и къэрал кьулыкъущІэ, а къэралым и къэралыгъуэ щыта **Отто фон Бисмарк** кьызэралъхурэ илъэс 202-рэ ирокъу. И ткІиигъым щхьэкІэ абы «гъущІым кьыхэщІыкІа канцлер» хужаІэу щытащ.
♦Урыс композитор цІэрыІуэ, пианист, дирижёр **Рахманинов Сергей** кьызэралъхурэ илъэси 144-рэ ирокъу.
♦Совет авиаконструктор, СССР-м щІэныгъэхэмкІэ и академием и академикыу щытА, Социалист Лжьыгъэм и Лыхъжь, «Як» кьхъхьлъатэ цІэрыІуэр езыгъэщІа, Сталиныи и цІэр зезыхьэ саугъэтыр хэнёрэ, Лениныи и саугъэтыр, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Яковлев Александр** кьызэралъхурэ илъэси 111-рэ ирокъу.
♦Тележурналист, Урысей телевидениэм и академием и яп президенту щыта **Познер Владимир** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.
♦УэрэджьІакІуэ, Адыгэ Республикэм и цІыхубз артисткэ, УФ-м щыщ зиІэ и артисткэ **Щауэжь Розэ** кьыщалъхуа махуэщ.
♦КъШР-м и цІыхубз докутыр, жылагъуэ лэжьакІуэ **Тэмазэ Анатолэ** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.
♦ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ, Адыгэ Республикэмрэ КъБР-мрэ щыщ зиІэ я артисткэ **КІуэкІуэ Елизаветэ** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 12, жэщым градуси 4 - 5 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 2, *тхьэмахуэ*

♦**Сабий тхылъым и дунейпсо махуэщ**
♦**Белоруссиемрэ Урысеймрэ я лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ**
♦**1698 гъэм** Пётр Езанэр инджылыз парламентым и зэІущІэм щІэсащ. Къэралым и пащтыхьри кьызэрихьэлІа а зэхуэсым депутатхэр щытепсэльыхьат щІым налог зэрытралъхьэ хабзэм.
♦**1792 гъэм** США-м и кьыщызэрагъэпэщащ аХъшэ щащІ я япэ Іуэхущ Іапіэр.
♦**1833 гъэм** дунейм кьытехьащ Пушкин Александр и «Евгений Онегин» романыр зэрыт тхылъыр.
♦**1906 гъэм** Урысейм и япэ Къэрал Думэм и депутатхэр хахащ.
♦**1911 гъэм** Цагъуэ Нурий Истамбыл адыгэбзэкІэ кьыщыдигъэкІащ «Гъуазэ» газетым и япэ номерыр.
♦**1948 гъэм** КІэрашэ Тембот СССР-м и и Къэрал саугъэтыр кьратащ.
♦Данием щыщ усакІуэ, тхакІуэ, таурыхъ тельыджэ куэд зи кьалэмыпэм кьыпыкІа **Андерсен Ганс Христиан** кьызэралъхурэ илъэс 212-рэ ирокъу.
♦Франджы тхакІуэ-романист **Золя Эмиль** кьызэралъхурэ илъэси 177-рэ ирокъу.
♦Совет джаз музыкант, дирижёр, композитор, РСФСР-м и цІыхубэ артист **Лундстрем Олег** кьызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.
♦ЦІыкІи и артист, хьэкІэкъуэкІэхэр зыгъаезу щыта, РСФСР-м и цІыхубэ артист **Запашный Вальтер** кьызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.
♦Журналист, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **АфІэунэ Расиэ** кьызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.
♦Социалист Лжьыгъэм и Лыхъжь, Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и механизатор **Дадэ ХьэмытІэ** кьызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.
♦Бзэщ1эныгъэлІ, филологие щІэныгъэхэм я доктор **Абдокъуэ Іэуес** кьызэралъхурэ илъэс 76-рэ ирокъу.
♦Урысей журналист щІэрыІуэ **Сваниндзе Николай** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 8, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 3, *блыщхьэ*

♦**Урысейм щагъэлъапІэ Геологым и махуэр**
♦**«Псы ткІуэпсыр - дыщэ налъэ пэлъытэщ» зыфІаща махуэшхуэр Тыркумэн Республикэм щагъэлъапІэ**
♦**1879 гъэм** Софие Болгариием и къалащхьэу кьалъытащ.
♦**1904 гъэм** Кавказ бригадэм хьыхь Къэбэрдей сотняр кьызэрагъэпэщащ.
♦**1933 гъэм** урыс хирург Вороной Юрий, дунейм щыяпэу, цІыхум и жьэжьейр хуэзэхуэкІыным теухуа операцэ ищІащ.
♦**1973 гъэм** штрих-кодыр - сатуущ ящІар нэрылъагъу зыщІ Іэмалыр - кьагупсысащ.
♦Совет тхакІуэ, журналист, къэрал дамыгъэ куэд зыхуагъэфэща **Нагибин Юрий** кьызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.
♦Американ щыщ актёр, режиссёр, «Оскар» саугъэтыр тІэу зыхуагъэфэща **Брандо Марлон** кьызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.
♦Нэмыцэ политик, къэрал лэжьакІуэ цІэрыІуэ, ФРГ-м и канцлер илъэс 16-кІэ щыта, Германие къэралитІыр зы хъужьыным хэлыфІыхьа **Коль Гельмут** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.
♦Актёр, УФ-м и цІыхубэ артист **Носик Владимир** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.
♦Америкэм щыщ актёр цІэрыІуэ, «Дыщэ глобус», «Эмми» саугъэтхэр зрата **Болдуин Алек** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.
♦УсакІуэ, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Къуий Щыхьымбий** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 14, жэщым градуси 5 - 6 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Зигу фІы имылъым и щхьэ фІы къехъулІэркъым.

АДЫГЭ лъагъуэжьхэр

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар КЪУМАХУЭ Аслъэнщ

Абазэхэ гъуэгухэр

Анапэ быдапIэм къыщыщIэдзауэ Къэбэрдейм и къуэкIыпIэ лъэныкъуэм нэсыху дэнэкIи ушрихьэлIэрт выгухэмрэ щыгуэмрэ щызекIуэ хъу гъуэгу куэдыкIеим. Ахэр ящуэрт цIыхухэр зэкIэлъаГъэкIуэн, щIыналъэхэм сату зэдащIын папщIэ.

АДЫГЭЩIЫМ тIасхъэщIэхыу ита, артиллериемрэ и генерал Новицкий Георгий 1830 гъэм дунейм къытригъэхьауэ щыта и тхыгъэхэм ящыщ зым дыкъыщоджэ: «...Анапэ къыщыщIэдзауэ Къэбэрдеймрэ нэсыху адыгэ щIыналъэ псоми выгукIэ ущызекIуэ хъунущ. Езы къэбэрдейхэри Анапэ къыщыкIуэ куэдрэ къохъу, тыркуэхэм сату дащIын папщIэ».

Выгуэхэм, шыгуэхэм папщIэ якъуэдиГ ящыгуэхэр, егугуэу икIи зы мардэм тету зэрахухамкIэ, шу-лъэс лъагъуэхэм къащхьэщыкIырт. Гъуэгуэр зэпэщыс къуажэхэм щыпсэуэхэм эдащIырт, гухэр ириззблэкIыфын хуэдэу.

ТхыдэкIэ, лъахэхуэ Дьячков - Тарасов Александр и тхыгъэхэм ящыщ зым къыщыхигъащIа «абазэхэхэм выгу гъуэгуэр шытх тхыцIэхэм ирагъэкIуэн яфIэфIу» зэрыщытар. А псалъэхэм я телъхьэу кIоуэ а зэманым Екатеринодар (Краснодар) дэту щыта цIыхухъу гимназием 1897 гъэм къыщыщIэдзауэ егъэджакIуэу щылэжьа Борчевский Семён: «Хъуплэжьий (Къэфыщцей, Геленджик) пэмыжьжьэу «Папай» цIэр зезыхьэ Iуащхьэм (метр 819-рэ и пIэгагъ) дыщыхуэкIуэм, сэ слъэгъуащ шэрджэс гъуэгужьым къыхэнэжахэр. ... Ахэр ириззхэзэкIуэгъуафIэу щытауэ пхужьIэнутэкъым, лъагащу зэрапIэтам къыхэжIыу. КъыхэгъащIхъэщ зи гуГъу тщIы гъуэгум хуэдэхэр шэрджэс щIынальэхэм я бгылъэ щIыпIэ псоми зэрыщIар».

Бгы щыгуэхэм гъуэгухэр ирагъэкIуэныр, шэч хэмылъу, щхьэусыгъуэ зыбжанэм къыхэкIауэ щытащ. Апэрауэ: а зэманым абазэхэхэм я нэхъыбапIэр Лабэ, Щхьэгуащэ, Пщыхьэ, Пшыш, Псэкъупс и псыхъуащхьэхэм дэсащ. Ахэр ириззкIэлъыкIуэну къурш щхьэдэхьпIэхэр куэдкIэ нэхъ тыншт. ЕтIуанэрауэ, мыбдежым щIыр щынэхъ быдэщ, щыуэтIпсытIхэми къэмытIатIуэ. Ещанэрауэ, зекIуапIэхэр шытх щыгуэхэм зэрытращIыхьым зауэ зэманым дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэт: зи щхьэхуитныгъэр зыхъумэ шэрджэс щIыналъэм щыпсэуэхэр абыхэмкIэ шынагъуэншэу ириззкIэлъыкIуэрт. Псыжь адрыщIкIэ щыIэ тафэ щIыпIэхэм щыпхаша гъуэгуэхэр адыгэщIым къафIихьэ урысыдзэхэм, топхэр зыщIыгъуэхэм, зохафыщIэрт, бжьыхьэ уэлбанэрилэм деж къахэнэж щIагъуи щымыIэу.

Урысей къэралыгъуэкъым и гъунапкъэхэр Кавказым гъунэгъу къыщыхуэмыхъум, адыгэхэмрэ Кърым хъанагъуэмрэ сату Iуэхухгэ быдэу зэпыщIат. Абы къыхэкIыу, а зэманми гупытэшхуэ хуащIырт гъуэгуэхэм я фIагъым.

Зыльэгъуэхэм зэрапIуэтэжьмкIэ, КIахэм щыщу Натхъуэдж щIыналъэрат гъуэгу кэхъыфIхэр здэщыIэр. «Ахэр ямыIэу Шэрджэсыр псэуфынутэкъым, мамыр зэманми зауэ лъэхъэнэми», - дыкъыщоджэ ищхьэкIэ зи цIэ къитIуа тхыгъэхэм ящыщ зым.

Мыбдеж къыщыгъэлъэгъуапхъэщ адыгэхэм мы Iэнатlэм Iэзагъэшхуэ халъхьэу зэрыщытари. Пэжыгъэхэм щынэхъыщхьэр гъуэгуэхэр захуэ щыныраги, абы папщIэ пхъэм къыхэщIыкIа банэльэхуэр къагъэсэбэпырт. Ар адэкIэ-мыдэкIэ къралъэфхэкIыурэ, щIыр зэфэззщ ящIырт. Гъуэгуэр щIыпхашкIэ, мэз кусэ цIыкIуу зэхэкIэжа щIыпIэхэрат къыхахыр. Жыгыншхуэхэр выхэмкIэ хъыхатхъырти, щIыр яубэжырт.

Тхыдэдж, лъахэхутэ Дьячков - Тарасов Александр и тхыгъэхэм ящыщ зым къыщыхигъащIа «абазэхэхэм выгу гъуэгуэр шытх тхыцIэхэм ирагъэкIуэн яфIэфIу» зэрыщытар. А псалъэхэм я телъхьэу къоув а зэманым Екатеринодар (Краснодар) дэту щыта цIыхухъу гимназием 1897 гъэм къыщыщIэдзауэ егъэджакIуэу щылэжьа Борчевский Семён: «Хъуплэжьий (Къэфыщцей, Геленджик) пэмыжьжьэу «Папай» цIэр зезыхьэ Iуащхьэм (метр 819-рэ и пIэгагъ) дыщыхуэкIуэм, сэ слъэгъуащ шэрджэс гъуэгужьым къыхэнэжахэр. ... Ахэр ириззкIэлъыгъуафIэу щытауэ пхужьIэнутэкъым, лъагащу зэрапIэтам къыхэжIыу. КъыхэгъэщIыпхъэщ зи гуГъу тщIы гъуэгум хуэдэхэр шэрджэс щIынальэхэм я бгылъэ щIыпIэ псоми зэрыщIар».

Бгы щыгуэхэм гъуэгухэр ирагъэкIуэныр, шэч хэмылъу, щхьэусыгъуэ зыбжанэм къыхэкIауэ щытащ. Апэрауэ: а зэманым абазэхэхэм я нэхъыбапIэр Лабэ, Щхьэгуащэ, Пщыхьэ, Пшыш, Псэкъупс и псыхъуащхьэхэм дэсащ. Ахэр ириззкIэлъыкIуэну къурш щхьэдэхьпIэхэр куэдкIэ нэхъ тыншт. ЕтIуанэрауэ, мыбдежым щIыр щынэхъ быдэщ, щыуэтIпсытIхэми къэмытIатIуэ. Ещанэрауэ, зекIуапIэхэр шытх щыгуэхэм зэрытращIыхьым зауэ зэманым дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэт: зи щхьэхуитныгъэр зыхъумэ шэрджэс щIыналъэм щыпсэуэхэр абыхэмкIэ шынагъуэншэу ириззкIэлъыкIуэрт. Псыжь адрыщIкIэ щыIэ тафэ щIыпIэхэм щыпхаша гъуэгуэхэр адыгэщIым къафIихьэ урысыдзэхэм, топхэр зыщIыгъуэхэм, зохафыщIэрт, бжьыхьэ уэлбанэрилэм деж къахэнэж щIагъуи щымыIэу.

Урысей къэралыгъуэкъым и гъунапкъэхэр Кавказым гъунэгъу къыщыхуэмыхъум, адыгэхэмрэ Кърым хъанагъуэмрэ сату Iуэхухгэ быдэу зэпыщIат. Абы къыхэкIыу, а зэманми гупытэшхуэ хуащIырт гъуэгуэхэм я фIагъым.

Зыльэгъуэхэм зэрапIуэтэжьмкIэ, КIахэм щыщу Натхъуэдж щIыналъэрат гъуэгу кэхъыфIхэр здэщыIэр. «Ахэр ямыIэу Шэрджэсыр псэуфынутэкъым, мамыр зэманми зауэ лъэхъэнэми», - дыкъыщоджэ ищхьэкIэ зи цIэ къитIуа тхыгъэхэм ящыщ зым.

Мыбдеж къыщыгъэлъэгъуапхъэщ адыгэхэм мы Iэнатlэм Iэзагъэшхуэ халъхьэу зэрыщытари. Пэжыгъэхэм щынэхъыщхьэр гъуэгуэхэр захуэ щыныраги, абы папщIэ пхъэм къыхэщIыкIа банэльэхуэр къагъэсэбэпырт. Ар адэкIэ-мыдэкIэ къралъэфхэкIыурэ, щIыр зэфэззщ ящIырт. Гъуэгуэр щIыпхашкIэ, мэз кусэ цIыкIуу зэхэкIэжа щIыпIэхэрат къыхахыр. Жыгыншхуэхэр выхэмкIэ къыхатхъырти, щIыр яубэжырт.

Псом ямыIэу зэгупсысыр выгу, шыгуэр зэблэкIыфу зэрыщытынрат. Абы къыхэкIыу гъуэгуэр якъуэдиГрт, псэпэфэм къызэрыхэщыжщи, «зы къуэрагъ хуэдиз и бгъуагъыу» - нэгъуэщIу жьытIэмэ, «IэплакIуэм» метри 3,5-рэ къызэщIрагъэубыдэу.

Яухуэ гъуэгум и кIыхьагъэр къыхахырт зы махуэ-махуитIым зэфIагъэкIыфын хуэдэу. Ягу ирихьа щIы Iыхьэр пхъэIэщэкIэ яварт. Къыбгъурыт мэз кусэ цIыкIуэм еIусэртэкъым, абыхэм я лъабжьэхэм щIы щхьэфэкэр зэрызэтраГъэм къыхэкIыу. Выгу зекIуапIэхэр быдэ ящIын папщIэ, пэмыжьжьэу къыщIах ятIагъэр абыхэм тракIутэрт, псы зэрызыщIимышэм къыхэкIыу.

ЛЬАГЪУЭРЫКIУЭ Шухъыжь.

Iуэрыlуатэдж цIэрыlуэ Къардэнгъущ Зырамыку 1979 гъэм къыдигъэкIауэ щыта «Адыгэ уэрэдыжьхэр» и тхылъым сымыщIэххэу сыщрихьэлIащ «Лабэдэсхэм я гъыбзэ» уэрэдыжьым ехьэлIа хъыбар гуузым. Ар зытеухуам и тхыдэм нэхъ кууужу зыхэзгъэгъуэзэн мурадыр сиIэу, Къардэнгъущым къихьа хъыбарым и лъабжьэ тхыгъэми нэгъуэщIхэми Интернетым сыщыдгъэхъуащ. Абы сызэщрихьэлIаxэм я нэхъыбапIэр лъабжьэ куу зиIэхэу къэслъытащ, ди адэжьхэм я блэкIам и гугъу зэращIри щэч къызытумыхьэнщ. А псори зэуэ тхуэзмыгъэзазэхуэми, зи гугъу тщIы хъыбарым кIэщIу дытепсэлъыхьынщ.

XIX ЛIэщIыГъуэм и пэщIэдзэм Къэбэрдейр къызэрагъэIурыщIар пащтыхь къэралыгъуэжьым и дзэзешэхэм къахущIэкIащ Псыжь и ипщэ, курых лъэныкъуэхэмкIэ къихуикI шынагъуэ кIэ зимыIэжьхэм къапызыщу. Хьэжрэту зи щхьэр езыхьэжьа къэбэрдейхэм Псыжь и адрыщIкIэ щыпсэу я лъэпкъгъуэр къызэщIалэтэрт, ирагъэбгына я лъахэм къебгъэрыкIуэурэ, яIь зэращIэжьным яужь итт.

Пащтыхьыдзэр гъэугу тохьэ

1824 гъэм и бжьыхьэм белджьыль къэхъуащ къухьэпIэмкIэ щыIэ шэрджэсхэм зэкъуагъэуза я къарухэм Къэбэрдейм къэкIуэну зэрызагъэхьэзыкIыр. Абы къыхэкIыу, 1825 гъэм и гъатхэр къызэрихьэу, урысыдзэр Псыжь зэпрыкIащ, къэбэрдей хьэжрэтхэм я «лъабжьэр къыхатхъын» мурадыр яIэу.

Теуэ мыгъуэр зыублажэм ягу иральхьат зи щхьэр лъэныкъуэ езыгъэза къэбэрдеипщхэм ящыщу нэхъ къулей дыдэу икIи зэфIэкIышхуэз зиIэу къальытэ Къарэмырзэ Алий и къуажэхэр зэтрагъасхьэу мылъкуу дэлъыр къызэщIакъуэну. Пщым и жылагъуэхэр, урысхэм япэIэщIэ зэрищIа щIагъуэ щымыIэу, пэIущIэ бгыхэм хуэжьэгъуэщIэсу щIигъэззэгъат, зэщIымышынэр абыкIэ къиГъэлъагъуэу.

Пащтыхьыдзэхэм мы иджырей я зекIуэм Кавказым Iей и лъэныкъуэкIэ цIэрыIуэ дыдэ щыхъуауэ щытащ адыгэхэр «Елмырзэ Темырболэтк1э» еджэу, урысыдзэм а лъэхэнэм къулыкъу щыхьащIа джанэз Фёдор Бекович-Черкасскэр.

1825 гъэм мэлыжьхыхьым и 1-м генерал-лейтенант Вельяминов Алексей и унафэм щIэт гупышхуэр Прочный окоп урыс быдапIэм деж Псыжь щызэпрыкIащ.

Мэлыжьыхьым и 3-м дзэр Чамлыкъ (кIахэбзэкIэ - «Чэм-лъэхъэ», къэбэрдейкIэ - «Жэм лъэхъэ») псым и Iуфэм Iутlыхьащ. Абдежым абыхэм хъыбар къаIэрыхьащ, Къарэмырзэ Алий, урысыдзэр къаззрыхуэкIуэр къыщIа иужькIэ, и къуажэхэр къуршым иришэжауэ.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм, мэлыжьыхьым и 4-м, дзэр Лабэ зэпрыкIащ. Абдежым Вельяминовым, зыкъызэридзэкIыжри, Бекович-Черкасскэм пщэрыть щIащ къэзакъхэр зыщIигъуу Лабэ къызэпрыкIыжу, «къуршым ихьэжа» къэбэрдейхэм къакIэрыхуауэ зыхуигъэфащэ мэл гуартэхэр къызэщIикъуэну, абы къыдэкIуэуи, Къарэмырзэ Алий и жылагъуэхэр ипэжьпIэкIэ бгым ихьэжами зригъэщIэну.

Къарэмырзэ Алий и къуажэм хуэпIащIэу

Бекович-Черкасскэр дзэр здэщытым и лъабжьэкIэ версти 10 хуэдизкIэ ежэхьжри, псым къызэпрыкIыжащ. Асихьэтуи ар мыдрыщIым щхьэщIылъэгъкI бгы нэпкъхэм я гуэзпIащIэм щыхагъэпщ шы гуартэшхуэм ирихьэлIащ. Шыхуэзэм къыжьэдащIащ Къарэмырзэ Алий и къуажэр и пIэ зэримыкIари, верст 20 хуэдизкIэ зэрапэжьжьэри, дзэ къэбэрдейхэр, урысхэр къатеуэным пэплъэу нэху щыху зэрымыжеяри, бийр иджыри Чамлыкъ (Чэмлъэхъэ) псым къызэрыфIэмыкIам и хъыбарыр зэхахауэ, пейтеиншэу икIи Iэфы жейм хилъэфагъэнкIэ зэрыхъунури...

Бекович-Черкасскэм Вельяминовым хуиIуэхуащ Къарэмырзэ Алий и къуажэм зэрытеуэр, лъэсыдзэр къэхуигъэкIуэнуи елъэIуащ. Вельяминовым япэ ищахэм батальон псо кIэлъыиутIыпщащ, унафи къахуищIащ дзэр яльэщIыхьэху къуажэр къаубыхьыну, зыри къыдамыгъэкIын хуэдэу.

Унафэр и чэзум къаIэрыхьакъым, батальонри къакIэлъысакъым - къэзакъхэр, лъэсырыкIуи ямыгъусэу, топи ящIымыгъуу, ягу иральхьа мурад бзаджэм «пэлъэщахэщ». Бекович-Черкасскэр мыльхуэдэу егупсысащ: батальоныр сыхьэти 5 хуэдизкIэ къызэрыкъысфынум, апщIондэхуКIэ бийм (къэбэрдейхэм) а щIыпIэр ябгынэнкIэ зэрыхъунум е зыхъумэжыным зэрызыхуагъэхьазырынум. Арати, езым и къэзакъхэм фIэкIа имыгъусэми, ящхьуэдэмыщхьэуу къуажэм теуэну мурад ищIащ.

Урысхэм я гугъат а жылэм унэ 30 - 40 фIэкIа дэмыту, зэрызэхахамкIи, Псыжь и адрыщIкIэ щыщIэрыIуэ, шуэй нэхъ хъыжьэ дыдэхэм хабжэ Къарэмырзэ Алий езым и уэркъхэм я нэхъыбапIэр и Гъусэт. Полковник Бекович-Черкасскэм щIэрыть щIащ къэзакъхэр зыщIигъуу Лабэ къызэпрыкIыжу, «къуршым ихьэжа» къэбэрдейхэм къакIэрыхуауэ зыхуигъэфащэ мэл гуартэхэр къызэщIикъуэну, абы къыдэкIуэуи, Къарэмырзэ Алий и жылагъуэхэр ипэжьпIэкIэ бгым ихьэжами зригъэщIэну.

Къуажэшхуэр къалэ пэлъытэт

Гупыр къэуIэбжьауэ къэувыIащ. Абыхэм къапэщытыр унэ 30 - 40 фIэкIа зыдэмыт жылэ къызэрыгуэкIтэкъым, атIэ зи щхьэгъубжэхэр къыдэкIыпIэ ящIа псэуалъэ 200-м нэхъ мынэхъ мащIэ зыдэт «къалэт». АрщхьэкIэ, икIуэтыжыну кIасэIуэ хъуат: я щIыбагъымкIэ беслъэнейхэр къыщIэт, мыгувэу къъуэшкIэ хъуну куажэжэшхуэр ипэкIэ къащIипэпIэрт. Ар къызэрызэщIэкъуэу, ерагъкIэ къызыдэкIа дурэшым жэщырыкIуэ гупыр дэкIуэдэжьынут.

... Нэхупъэ къимщI къудейт. Быдэу жей икIи бэлэрыгъа къуажэм напIэзыпIэм теуэхэщ. Iэуэлъауэр зэрызэхахыу, пIащIэ-тхъытхъыу я псэупIэхэм къыщIэж къэбэрдейхэм зэрызэхъумэжыныр ящIэртэкъым, я Iыхьлыхэми ятегужьеикIат. Абы щыгъуэми, къэзакъхэм ахэр щыхьыншэу зэтрагъкIорт. Бий кIэуфIыщIу къажэкIуэм лыгъэ зрадз я унэхэм цIыху ныкъуэзыхуапхэр къыщIэжкIат, ах

Зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ

● Жыэгъуэхэр

Сымаджэм щыщІэупщІэр хъужа нэужькъым

♦Лъагъуныгъэр гъащІитІ зэпыщІэщ.
♦УкІытэ зымыщІэм Іуэху Іэджи зэІещІэ.
♦Ефэгъу зыгъуэтыр ныбжьэгъу хуэныкъуэкъым.
♦Лъагъуныгъэр зэи жьы хъуркъым.
♦Лэжьыгъэр фІыуэ зыльлагъу цІыхур зэштегъэу хуэныкъуэкъым.
♦ЦІыху лъагъугъуейр щыгъын дахэкІэ лъагъугъуафІэ пхузыщІыжынукъым.
♦Мылъку зи куэд нэхърэ - акъылыфІэ.
♦ЦІыхухэр зыгъэщхьэрыуэр зыри зэрамыщІэракъым, атІэ псори ящІэу къаэрыщыхъужырщ.
♦Уи бынхэм гъэсэныгъэ тэмэм ептыфамэ, фІыгъуэм я нэхъыщхьэмкІэ ухуэпсащ.
♦ЦІыхум фІагъыу хэлъыр къыумыщІауэ, и ныкъусаныгъэхэм утепсэлъыхьын щІымыдэ.
♦ПщІы зыупсу есахэр зэи плъыжь хъуркъым.
♦Мастэ къидыгъуу есэри, Іэщ къидыгъуу щІидзащ.
♦Жьжьэ щыпсэу уи Іыхьлым нэхърэ уи гъунэгъу хамэр нэхъыфІщ.
♦Къуымылэжьауэ къыпхэхъуэр хьэлэлкъым, абы ущымыгугъыкІ.
♦Сымаджэм щыщІэупщІэр хъужа нэужькъым.
♦Гугъэм зэи кІэкІыным.
♦Зумыпэсу уэзлъэпэуар ущыгуфІыкІыу дзапэкІэ къэпщтэжьынкІэ хъунущ.

КІУРАШЫН Алий.

● Гъатхэ теплъэгъуэхэр



ПцІащхъуэ

● Прозэу тха усэхэр

Сэ газет соджэри щхьэгъубжэм сыІусщ; уэ дунеишхуэр тІэу пкІэгъуэ пхуэмыхъуу уоджэгу.

Сыт апхуэдизу ущэнэщхъыфІэр? Хэт къызыхуипшыр уи уэрэд зэпымычыжри?

Пшэхэр зэрызохъэ. Иджыпсту уэшх къыпхиудыныи зыри хуэІуакъым. Армырауэ пІэрэ зызыхуэбгъэхьэзырыр? Сыт, зэбгурыту къех ткІуэпсым яку уи бжьхьдэжьипэ цІыкІур дэбгъэувэну ара?

Сыноплъри сынохъуапсэ. Уэ пщІэркъым нэщхъеикІэ. Сэ сыхэзыгъаплъэ Іэджэщ. Ар дауэ? Хэт дэ тІум щыуэр?

Сэ газет соджэ. Уэ сыт хэпщІыкІрэ дунейм щызекІуэ залымыгъэм! СыткІэ ущыгъуазэ нэпсу хейм щІагъэкІым!

Уэ уоджэгу. Ар захуагъэ атІэ? Уи унапІэр си бжьыхьэкІапэти, си шыпхъу нэхъыщІэ цІыкІу. Сэ сызыгъэгузавэм щхьэ уимыгъэгузавэрэ? Сэ сыкъэзыгъэгубжьым щхьэ укъимыгъэгубжьрэ?

Уэ уоджэгу. Уэ зыри къыпфІэІуэхуукъым.

Уэ упщІащхъуэщ. Уи ныбжьэгъу; уи гурыфІыгъуэр хуабэрщ; уи плъапІэр дыгъэрщ; уи гупсысэр щІымычэу къебгъэблыж уи уэрэд щхъуантІэ цІыкІурщ.

Уэ уоджэгу. Абы къикІыу пІэрэ уэ зыри къыбгурымыІуэу? Уэ унэхъ Іущмэ-щэ генералу дунейм тетым нэхъ рэ?..

КЪЭЖЭР Хьэмид.

ГЪУКІЭ Маринэ

Уафэ щІагъым...

Новеллэ

КЪАЛЭЩХУЭМ и уэрам нэхъыщхьэхэм языхэзым тет тыкуэным и бжэр Іуахри, хъумакІуэ щІалитым и Іэблэр яІыгъуу зы цІыхухъу къыщІадзыжащ. Ар лъэгуажьэкІэ асфальтым техуэу джлащ, ауэ бжьэхущым хэхуэу ящыІэщІа хуэдэ, къэтэджыжынымыпІащІэу щылът.

- Иджыри зэ мыбы къыщІыхьи аращ уэзрыхъур, - жаІэри, щІалитІыр нэщхъкІэ зэ къепыджьжри, тыкуэным щІыхьэжахэщ. Абыхэм я псалъэхэр зыуи къыщыуакъым цІыхухъум. Уеблэмэ, хъуэным и пІэкІэ щытхъу зэхиха хуэдэ, погуфІыкІ. Ар хуэмурэ и гуфІакІэм доІэбэри, тыкуэным щхэуу къыщІиха щІакхъуэр къыдех, дыгъэпшыхь хуэдэу нобэ гуэрми мэжалІэу нэху зэримыгъэщынум йогупсысри, гуфІэуэрэ щІакхъуэм йодзакъэ...

Гъуэгум уэзпрыкІмэ щыт шхапІэ зыкъызыхьим и щхьэгубжжэм язым къыуСщ зы щІалэрэ зы хьыджэбзрэ. Іэнэзехьэм абыхэм я хъуреягъыр кьэжьыхь, сыт хуэдэ лъэІури яхуищІэну хьэзырщ. ЩІалэм и пщащэм и гуапэ ищІыну хуейщи, нэхъ шхын гъэщІэгъэуэну илъагъуу хъуар къыхухех. Хьыджэбзыраци, зэрынэмысыфІэр наІуэ кьищІыну, и напІэр кьелІыхауэ щысщ. Абы и шхэкІэм зы дакъикъэкІэ кІэлъыплъа нэужь, щІалэр йоупщІ:

- ЩІакхъуэ щхьэ думышхрэ?

Хьыджэбзым ар хуабжьу фІэгъэщІэгъэн хъуауэ жэуап кьет:

- Сэ щІакхъуэ сшхыкъым! Ар апхуэдизу цІыхухэм щІафІэфІри сщІэркъым! ИгъащІэкІэ сымылъагъуми, сшхарэт жысІэну си фІэщ хъуркъым...

СЫМАДЖЭЩЫМ и пэшхэм языхэзым щІэсщ хьыджэбз щІалэ дыдэ. Ар стІолым бгъэдэсщ, еІлаІэуэрэ тхылъымпІэ напэм зыгуэр иретхэри. Абы къыбгъэдэс дохутыным, сабий щыкІу епсалъэ хуэдэ, къытригъэзэжурэ жаІэ:

- УпІащІэу, узыхущІегъуэжьи умыщІэ. Абы игъащІэкІи уегупсысынущ. Уи сабийм нэхъ лъапІэ мы дунейм сыт тетын?! Ар иджыпсту мыбы къыщІэбнэрэ зыгуэрым кьищтэмэ-щэ?! Зэи зыми къыпхуегъэгъэзэжынкъым...

- Сэ псоми сегупсысащ. Иджыпсту абы хуэфэщэн гъащІэ сэ хуэзухуэфынукъым. Мис, къыщІэзнэну сызэрыхуэймкІэ щыхьэт тхылъ, - жаІэри, хъэпшыр кьигъэнауэ къыщымыхъуу, сымаджэщым щІокІыж...

Абы къыбгъэдэт пэшым щІэлъ пщащэр яхуэмыгъэувыІэжу магъ. Дунейр кьытеукІуриируэ къыщІохъури, и насыпынщагъэр егъеиж. Абы и щхьэм Іэ дилъэурэ, дохутыр щІыхубзым жаІэ:

- Умыгъ, си хьыджэбз щыкІу. Зыри пхуэщІэнукъым! Уэ иджыри ущІалэщ, сабий бгъэутыжынщ...

Ауэ, апхуэдэ гуауэ зыльыса хьыджэбзым а псалъэхэр зэхимыхыу и щхьэм илъ гупсысхэр здэгъым кьеІущащ:

- Абы и нэ щІыкІухэр, и Іэпхъуамбэхэр, и Іупэ щІыкІур... ЩІым нэзмыгъэсу сыкІэлъыплъынут...

СЫМАДЖЭЩЫМ и гупэм кьитщ ЗАГС-р. Абы и пщІантІэм разводыгъэ хукІэ къэкІуауэ зэлІэсфыз дэтщ, я зэманыр къэсыным йожьэри. А тІум я зэхуаку апхуэдизкІэ лъагъумыхъуныгъэ дэлъщи, зэгуэр фІыуэ зэрылъагъуу зэрышауи кьыпхуэщІэжьынкъым.

- Зэ ди зэманыр къэсу щхьэхуит сыхъужарэт, афІэкІа зэикІ узмылъагъужьын хуэдэу, - жеІэ щІалэм.

- Сэ нэхъ Іейуэ сыхуопІащІэ абы, уэ нэхьрэ. Къапщтэмэ, си дежкІэ лІам ухуэдэщ уэ, дунейм утетуи къызыщІэгъэхъуххэркъым.

Губжьымрэ псалъэмакъ мышыуэхэмрэ гущІыІэ зэхуищІа ныбжьыщІитІым я щІыбагъ зэхуагъэзауэ тесщ тетІысхьэпІэм. Дэтхэнэ зыми захуэу зыкъелъытэж икІи мы зэпеуэм зэрыщІэтекІуамкІэ шэч къытрихьэркъым. Ауэ абыхэм якІэлъыплъ дэтхэнэ зыми къыгуроІуэ, тІури зэрыхэнар...

ЗАГС-м и щыбгаръымкІэ уекІуэкІрэ, адрей уэрамым утехьэмэ, дунейм екьжа тхъэмыщкІэхэм я иужьрей хэщІапІэр щытщ. Абы дэт сынхэм язым бгъэдэсщ пщащэ зэкІуж, удз гъэгъа иІыгъыу. Ар зэми пыгуфІыкІыу, зэми и нэпсэр илъэщІурэ, йопсалъэ сыным тегъэпщІа сурэтым гуфІэжу кьиплъ щІалэм:

- Нобэ дыщыізэрыша махуэу зэрыщытыр ди ныбжьэгъуэхэм псоми ящІэжтырт, дауэ къыпщыхьурэ?! КъакІуэхэри къыздэхъуэхъуаці... УмыгъэщІагъуэ дэ зэрыжысІар. Уэ упсэууэ фІэкІа къыщІэзгъэщІыркъым сэ. УэзрыщымІэжьыр си фІэщ хъумэ, сэри си гъащІэр абдежым иухыну къысфІощІ. - И нэпс къытелъэдахэр елъэщІыжри, пещэж. - Сэ псом хуэмыдэу сызыхущІегъуэжыр пщІэрэ? Зызгъэгъусэурэ сыномыпсалъэу згъэкІуа дакъикъэхэрщ... Сыту сыделэт... Апхуэдэу хъуну сщІами... Зы махуэ закъуэ, нэгъуэщІ махъуми, узигъусэу есхьэкІыжарэт...

ЕЙ, гъащІэ гъэщІагъуэн! ДиІэ псом и емыхьэнэр тІощІэмыкІ щІыкІэ къыдгурыІуэу, кхъыІэ, дегъасэ!!!

● Псалъэжьхэр

Псэр ящэри, напэ къащэху

♦Бжэным щынэ къилъхуркъым.
♦Куэдым ущыгугъыу мащІэм зыхыумыгъэкІыж.
♦Лъахъшэу тІысыну хуейкъым, лъагэу тІысыпІэ игъуэтыркъым.
♦Псэр ящэри, напэ къащэху.
♦ПхуэмыщІэн зыкІэрумыщІэ.
♦Си ныбэ изщ, жыпІэу гъуэмылэншэу уемыжьэ.
♦Уи жыІэ уи ІуэхукІэ гъэдахэ.
♦Уи щхьэ иумыпэсымкІэ нэгъуэщІым ухуэмыупсэ.
♦УмыщІэм ущІэупщІэныр емыкІукъым.

● Къуажэхьхэр

Уэшх къемышхмэ, унэм щІэс...

Унэ лъэгур зи лэжьапІэ,
КъуэгъэнапІэр зи псэупІэ.

Уэшх къемышхмэ, унэм щІэс,
Уэшх къешхамэ, ди щхьэм тес.

ЛІы фащэм и зы Іыхьэ,
Іыхьэм я нэхъ лъапІэ.

Хыщхьэм щызекІуэ,
ЩІылъэм мыкІуэф.

ЦІыхур къезыхьэкІыу
Уафэр зи зекІуапІэ.

Хьэлъэ илъу щІаупскІэ,
ЩІаупскІэхуКІэ псынщІэ мэхъу.

Бахъэм кърихуэкІ,
Лъагъуэм зэи темыкІ.

ЖЭУАПХЭР:

Жьхаяхуэ. Жьаугъ. Кьаеуэ ящІ. Хьаукъ. Хьаухьмгъ. ХьуфІыгъ.

Зэхэзылъхьар
ЩОДЖЭН Леонидщ.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: 1. Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм я щІыналъэхэм щежэх псы. 3. Хадзэкі. 5. ЦІыху мелуан 200-м щІигъу щыпсэу мусулъымэн къэрал. 7. Къыгъэвэн папщІэ, махъсымэ щащІкІэ халъхьэ пщагъэ. 8. Гъэмахуэм Іэщыщхуэм, шым я фэр изых бадзэжь. 9. Адыгэш кьабзэ. 12. Къэбэрдей усакІуэ Іэзэу щыта. Къызэралъхурэ мы гъэм илъэс 80 ирокъу. 13. Анэкьилъху. 17. Нэхъапэм зэрызекІуэу щыта шыгу лІэужьжыгъуэ. 19. ХакІуитІ зы ... щІэзагъэркъым. 20. ... хъунур шкІэ щыкІэ къоущІэ. 21. Адыгэ тхакІуэ ... ХьэпащІэ. 26. Адыгэ джэгуакІуэ Іэзэу щыта Агьнокъуэ ... 27. Лы лей зытелъ щІыху. 29. Хадзэкі. 31. Сирием адыгэхэр зэреджэр. 32. ... и жапІэр езым кьегъуэтыж. 34. ХъумпІэцІэджым и ... дамэ кьэтоткІэ. 35. ... мащІэ щІагъэкІа Хэку зауэшхуэм зи бын зыгъэкІуа анэхэм? 36. Нартхэм я фадэр а пхъэщхьэмыщхьэм кьыхащІыкІыу щытащ.

Кьехьу: 1. АдыгэлІ шууей нэхъ цІэрыІуэ дыдэ: дунейпсо зэхьэзэхуэ-хэм куэдрэ текІуэныгъэ къыщыІэхьа ... Жамбот. 2. Нэхьыжь тІысыпІэ. 3. Налшык и уэрамхэм щыкуэд, зи гъэгъам бжьэхэм фо кьыпах жьг пхъэ щабэ. 4. Іуэ, хадэ ихьэпІэхэм хуащІбжэ. 6. Зи кІуэцІыр нэщІ, купщІэ зэрымылъ. 10. Пщэ гъум. 11. ... пыІэ. 12. ЦІыхубз щыгъын. 14. ПІастапхъэ. 15. Вакъэ лъапщэ кІыхь. 16. МахуэцІэ. 18. Ди лъэпкъэгъу, Къэрал Думэм и депутат. 22. ... жьгъей. 23. Нартыхущхьэм къыдидз гъэгъа. 24. Адыгэ бзылъхугъэ уэрэджьІакІу Іэзэ ... ФатІимэ. 25. Диным зэрыжиІэмкІэ, зи щІалэгъуэр зэи имыкІыу жэнэтым ис тхъэІухуд. 28. ... и къуэ нарт Щэуей. 29. Дунейм ехьжар щыщІалъхьэкІэ къращэкІ щэкІ хужь. 30. ТхылъымпІэр зэрызэкІэрагъапщІэ. 32. ПхъащІэ Іэмэпсымэ. 33. ГъущІ кэбжэ зиІэ гъущІ ... щощІэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Гъатхэпэм и 25-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: 1. Хьэсы. 5. Мест. 8. Сэшхуэ. 9. Хьумбылэ. 10. Дамыгъэ. 11. Пшагъуэ. 15. ЩІымахуэ. 16. Псыкуэд. 17. Пщы. 18. Псыхъуэ. 20. Кабул. 24. Куба. 25. Бдзы. 26. Азэн. 27. Нэмэз. 28. ІэнпІэ. 30. Бзу. 33. Жэрыкъуэ. 35. Пшэрыхь. 38. Дэпэл. 41. Духъэшы. 42. Ермэлы. 43. Щыбын. 44. Хьуэжэ. 45. ЩыщІэ.

Къехьу: 1. ХьэхъупащІэ. 2. Сабэ. 3. Есэп. 4. Іэдэ. 6. Ерыщ. 7. Тхьэмадэ. 12. Амыщ. 13. ШІху. 14. Іус. 18. Пекин. 19. ХьумакІуэ. 21. Адакъэ. 22. ПантІэ. 23. Гудзэ. 29. Бжэндэхъу. 31. Заул. 32. Тхьэрыкъуэ. 34. Къум. 36. Шу. 37. ЩхьэЖ. 38. Дыщэ. 39. Ленэ. 40. Хьэжы.

Адыгэ уэзщІакІуэ, дипломат, политикэ лэжьакІуэ

Къэзанокъуэ Жэбагъы

(1684 - 1750)

Уэркъ лІакъуэм къыхэкІа Къэзанокъуэ Жэбагъы Къэбэрдейм и пщы уэлийм и чэнджэщагъуу щытащ. ЩІэблэр адыгэ хабзэм тету гъэсэныр, лъыщІэж хабзэр гъэкІуэдыжьыным, жылагъуэм цІыхубзым щыубыд увыпІэр егъэфІэкІуэным и телъхьэт ар икІи а Іуэхугъуэхэм икъукІэ мыхьэнэшхуэ иритырт.

Тырку, кърым зэрыпхъуакІуэхэм Хэкур ящыхьумэныкІэ, пщыхэм яку къыдэхъуэ зэгурымыІуэныгъэхэр гъэзэкІуэныкІэ зэпсэльэныгъэхэм хэтащ. Пётр Езанэмрэ Къэбэрдейм и пщы уэлий Къетыкъуэ Аслъэнбэчрэ зэращІылІэну Бытырбыху ягъэкІуа къэбэрдей лІыкІуэ гупым яхэтащ.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Гурызэ

Гуэдз хьэжыгъэр яухуэнщІ, и кур къратхъу, шыгъу зыхэлъ псы хуабэ (градус 25-30 хъуу), джэдыкІэ уда иракІэри фІыуэ зэхэзэрыхьыху ящІ, хъыдан трапхъуэри щабэ ящІын, зэхэшыпсыхьын щхьэкІэ дакъикъэ 20-25-кІэ щагъэт. Ар щытыху, абы дэлъынур ягъэхьэзыр.

Абы щхьэкІэ мэлыл е быльмыл тхъэщІар г 20-30 хъу Іыхьэрэ зэпаупщІ, лыхьжьым щІагъэкІ, шыгъу, бжьыныщхьэ цІынэ упщІэта, цІыкІуцІыкІуу зэпыупщІа щэ тхъурымбэ, шыбжий плъыжь, бурш халъхьэ, Іэр псым хащІэурэ псори зэхэзэрыхьыху зэІащІэ. Лы зэхалъхьар ягъэдиину щІыІалъэм далъхьэ.

ИтІанэ тхъэвыр Іэнэм теуда хьэжыгъэм халъхьэри мм 3 и Іувагъыну яху, абы стэчанкІэ хъурейуэ тхъэвыр къыхагъэж - г 25-рэ хъуу. Абыхэм лы хьэжар г 15 хъуу тралъхьэ, я кІапэхэр зэтрагъэпщІэж, мэз кхъужь цІыкІум ещхьу. Ахэр шыгъу зыхэлъ псы къавэм бэлагъкІэ е чымчыркІэ зэІащІэурэ хадзэ, зэкІэрымпщІэн папщІэ. Хьэзыр хъуху, дакъикъэ 15-16-кІэ, ягъавэ. Гурызэ вар псым къыдредзей. Ар чымчыркІэ къыхахыжри, псыр пагъэж, тепщэчым иралъхьэри, Іэнэм трагъэувэ. Зыри щымыгъуу пщтыру яшх. Бжьыныху шыпс тепкІэ хъунущ.

Нэхъапэм гурызэм далъхьэ лыр цІыкІунитІуурэ яупщІатэрт, шэжьпсым халъхьэрти нэху кърагъэкІыртщ щыІапІэм щыту. Абы лыр щабэ ещІ, нэхъ псынщІэуи мавэ.

Халъхьэхэр:
Тхъэвым:
Гуэдз хьэжыгъэу - г 400,
джэдыкІэу - зы,
тхъэв зэрапщыну псыуэ - г 100,
шыгъур зэрагъэткІу псыуэ - г 20,
шыгъуу - г 7.
Лы хьэжам:
мэлыпу е быльмылу - г 120-рэ,
щэ тхъурымбэу - г 100,
бжьныщхьэу - г 100,
шыгъуу - г 3,
шыбжий плъыжьу - 1 г,
буршу - 1 г,
псы щІыІэу - г 50,
бжьныху шыпсу е шатэу - уэзыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

Редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

ХьэфІыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Щирдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Кьардэн Маритэ, НэщІэпыдкэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщІ Изэ.

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щихабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщыІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху ептыыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныжьыкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ,
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Джатокъуэ Залинэ, *редактору* ЖьэкІэмыхъу Маринэ, *корректорхэу* Щоджэн Иннэ *(1, 2-нэ нап.),* Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.),* *корректорхэм я дэІэныкъуэгу* Нэужьокъуэ Заирэ, *КомпьютерКІэ газетым и тепльэр ящІащ* Дот Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рц.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.711 ● Заказ №389